Human Resources Administration
Department of Homeless Services
Department of Social Services

Demann pou yon Modifikasyon nan Montan Sipleman Èd pou Lwaye CityFHEPS Ou (Haitian Creole)

Ranpli fòmilè sa a si revni w te chanje epi w ap chèche jwenn yon modifikasyon nan kantite lajan sipleman èd pou lwaye CityFHEPS ou.

Seksyon 1: Enfòmasyon sou Lokatè a		
Non:	Non fanmi:	
Adrès:		Apatman / Chanm Nimewo:
Vil	Eta	Kòd postal:

Seksyon 2: Enfòmasyon Konsènan Chanjman nan Revni
Revni kay mwen te: ☐ Ogmante ☐ Diminye ☐ Fini
Tanpri esplike rezon ki fè revni w te chanje: _____ _____ _____ _____

Seksyon 3: Rezime sou Revni nan Moman an

Konble espas vid yo ki pi ba a. Mete chak moun ki abite avè w ki resevwa revni kounye a. Mete non yo, sous revni an (pa egzanp: travay, Revni Sekirite Siplemantè [SSI], Lajan pou Asirans Chomaj), ak revni total yo chak mwa.

Manm fanmi an	Sous revni	Total chak mwa

(Vire paj la)

Seksyon 4: Dokiman yo

Koche (✓) bò kote dokiman sipò ou pral voye yo avèk fòmilè ou ranpli a.

	Dokiman sipò yo
☐	Fich peman
☐	Lèt travay:
☐	Lèt otorizasyon avantaj SSI oswa Sekirite Sosyal pou Andikape (Social Security Disability, SSD)
☐	Lèt lajan yo bay nan kad Asirans Chomaj
☐	Lòt

Seksyon 5: Ogmantasyon Maksimòm Lwaye CityFHEPS

Si pwopriyetè w te ogmante lwaye anyèl ou, HRA ka ogmante sibvansyon w jiska lwaye maksimòm anyèl pou kay ou a.

Tanpri mete nouvo montan lwaye anyèl ou a: $ _____

Ou dwe voye yon kontra lwaye siyen ak nouvo montan lwaye a ansanm ak aplikasyon ranpli sa a.

Seksyon 6: Atestasyon

Mwen deklare, anba menas pou fo temwayaj, tout dokiman mwen bay yo ak deklarasyon mwen fè sou fòmilè sa a se dokiman ak deklarasyon ki kòrèk ak konplè dapre tout sa mwen konnen. Depi mwen siyen fòmilè sa a, mwen konfime mwen dakò pou Administrasyon Resous Imèn (Human Resources Administration, HRA) Vil Nouyòk verifye oswa konfime enfòmasyon mwen bay yo, epi pou yo deside si mwen kalifye pou yon modifikasyon nan kantite lajan sipleman èd pou lwaye CityFHEPS mwen.

_____ _____

Siyati Dat

(Vire paj la)

Seksyon 7: Opsyon pou voye dokiman

Tanpri itilize **youn** nan opsyon ki pi ba yo pou w voye fòmilè ou ranpli a ansanm ak dokiman ki nesesè yo:

Aplikasyon mobil: Pran foto tout paj fòmilè sa a **AK** tout dokiman w yo. Apre sa, mete tout foto ki sou telefòn pòtab ou oswa tablèt ou lè w sèvi ak aplikasyon mobil ACCESS HRA a!

www.nyc.gov/accesshramobile

Imel: CityFHEPSRenewals@hra.nyc.gov

An Pèsòn: 109 East 16th Street
New York, NY 10003
Ant 8:30 A.M. ak 5:00 P.M.

Èske ou gen yon pwoblèm medikal oswa sante mantal oswa yon andikap? Èske kondisyon sa a fè l difisil pou w konprann avi sa a oswa pou w fè sa ki nan avi sa a? Èske pwoblèm sante sa a fè l difisil pou w jwenn lòt sèvis nan HRA? **Nou kapab ede w.** Rele nou nan **718-557-1399**. Ou ka mande èd tou lè w ale nan yon biwo HRA. Ou gen dwa mande kalite èd sa a dapre lalwa.